



Sèvis Relasyon Kominotè Depatman Jistis Etazini

Fè pati solisyon an

Aplike pou fè Estaj ak America's Peacemaker

Sèvis Relasyon Kominote (CRS) Depatman Jistis Etazini ap chèche elèv ki soti nan divès orijin akademik ki enterese nan travay ak "America's Peacemaker" nan kominote atravè nasyon an. Atravè pwogram estaj CRS la, elèv yo ap pran premye eksperyans yo nan travay pou yon ajans federal ki gen enpak nan tout peyi a – nan ede anpeche ak reponn a konfli, tansyon, krim rayisans yo, ak lòt defi kominote nou yo fè fas jodi a.

Apèsi sou Estaj Pwogram Elèv Volontè ▼

Kiyès: Elèv ki nan klas bakaloreya, ki gradye, ak ki nan lekòl lalwa kounya ki pasyone sou amelyore relasyon kominotè nan sipò pou misyon CRS la, an kolaborasyon ak eta ak gouvènman lokal yo, òganizasyon prive ak piblik yo, ak gwoup kominotè yo ak lidè yo. CRS aksepte aplikan nan tout domèn.

Ki kote: Elèv yo ka aplike pou fè estaj nan Katye Jeneral CRS nan Washington, D.C., oswa nan youn nan 10 biwo rejyonal yo oswa nan kat biwo andeyò yo ki sitiye atravè peyi an. Gade kat jeyografik la nan do a pou kote yo ye.

Kilè: CRS aksepte aplikasyon yo pou estaj yo pandan Ete, Otòn ak Prentan sou yon wotasyon pandan tout ane a.

Kalifikasyon yo:

- Sitwayen Ameriken
- 18 lane oswa plis
- Ki enskri kounye a kòm yon elèv bakaloreya, gradye, oswa nan dwa
- Dwe pase yon investigasyon sou pase li anvan apwobasyon final

(Kontwòl Sekirite yo ka pran jiska kat (4) mwa)



Estaj nan CRS pa sèlman banm yon Konpreyansyon total nan sistèm jistis nou an, men tou, li pèmèt mwen jwenn bon konprann sou prensipal fòkis nan CRS. CRS te yon plas kote pasyon mwen pou pwoblèm dwa sivil yo te fè yon sèl ak enterè mwen yo pou amelyore relasyon kominotè yo, bati rezolisyon kominote yo, ak aksyon pozitif nan gouvènman an

JAIPREET SETHI

Ki sa: Kalite travay pou estajyè yo ka varye dapre ki kote biwo a ye. Nan egzanp yo gen:

- ▶ **Ede lidè antèt ak anplwaye** yo nan rechèch ak ekri, pwogram evalyasyon, revizyon nan travay rejyonal, operasyon yo, ak analize estrateji pou rezolisyon konfli nan kominote a.
- ▶ **Ede Avoka lalwa** nan revize dokiman sou akò ki gen rapò ak dosye e repons nan Lwa sou Libète Enfòmasyon ak rechèch legal.
- ▶ **Ede anplwaye rejyonal** yo planifye ak founi sèvis CRS yo ak patisipe nan travay kominote lokal yo pou ede desann tansyon ki soti nan ensidan ki baze sou patipri oswa krim rayisans.

Kouman: Pou aplike voye yon imèl ak bagay sa yo nan CRSInternCoordinator@usdoj.gov

- Rezime
- Yon kouvèti dokiman ki kout ki eksplike enterè ou nan CRS, dat disponiblite, ak ki kote biwo ou vle a ye
- Rapò nòt kolèj oswa inivèsite ou ladan li a

Nou rekòmande pou aplike pou pi piti kat mwa anvan dat ou atann pou kòmanse a.

Poukisa elèv yo ta dwe konsidere pwogram estaj CRS yo? ▼

Viv operasyon jounalye yon ajans federal
Obsève an dirèk ki jan CRS sèvi peyi a nan youn nan 15 biwo li yo

Jwenn yon pèspektiv inik nan travay ak misyon CRS la

Travay sou pwojè ki kouvri yon layite sijè diferan

Patisipe nan reyinyon ak evènman ak anplwaye yo pou elaji konesans sou gouvènman an ak estrateji pou rezoud konfli

Konsènan CRS ▼

Etabli anba Tit X nan Lwa sou Dwa Sivil 1964 yo ak elaji anba lwa 2009 pou Anpèchman Krim Rayisans nan Matthew Shepard la ak James Byrd, Jr la, CRS sèvi kòm "America's Peacemaker" pou kominote ki fè fas ak tansyon oswa konfli ki baze sou diferans ki genyen nan ras, koulè, orijin nasyonal, sèks, idantite seksyèl, oryantasyon seksyèl, relijyon, ak andikap. Sèvis CRS gen pou objektif pou amelyore kapasite kominote lokal yo pou evite ak rezoud konfli nan lavni poukont yo oswa nan kolaborasyon youn ak lòt atravè metòd pou rezoud pwoblèm, ogmante konesans, ak amelyore kominikasyon.

Sèvis ak Pwogram CRS yo ▼

CRS bay yon etalaj pwogram ak kominote ki gen tansyon yo, kòm yon zouti pou kiltive konpreyansyon, amelyore kolaborasyon, ak anpeche dezakò nan lavni. Anplwaye CRS yo se medyatè pwofesyonèl, fasilite, fòmateur, ak konsiltan ki gen eksperyans nan mete manm kominote yo ansanm pou ede amelyore kapasite yo nan rezoud konfli ki egziste deja ak anpeche konfli nan lavni.

Ki kote nou travay ▼

CRS Katye Jeneral 📍

Washington, DC

Biwo Rejyonal CRS yo 📍

Nouvo Angletè

Boston, MA

Nòdès

New York, NY

Mitan-Atlantik

Philadelphia, PA

Sidès

Atlanta, GA

Mitan-wès

Chicago, IL

Sidwès

Dallas, TX

Santral

Kansas City, MO

Rocky Mountain

Denver, CO

Lwès

Los Angeles, CA


Nodwès

Seattle, WA

Biwo Andeyò CRS yo 📍

Miami, FL Houston, TX

Detroit, MI San Francisco, CA



Alaska Hawaii Pòtoriko ak Zile Vyèj yo Guam

Jwenn nou, konekte ak nou ▼

www.justice.gov/crs



[facebook.com/DOJCRS/](https://www.facebook.com/DOJCRS/)



[@DOJ_CRIS](https://twitter.com/DOJ_CRIS)



askcrs@usdoj.gov



202.305.2935